

1. [Kisa ParentSquare ye?](#)
2. [Èske ParentSquare ap ranplase Mesaje ak Rapèl Lekòl \(School Messenger and Remind\)?](#)
3. [Èske mwen oblije kreye yon kont ParentSquare?](#)
4. [Pou kisa mwen pa t resevwa yon envitasyon pou ParentSquare?](#)
5. [Pou kisa lyen envitasyon ParentSquare mwen an pa mache?](#)
6. [Mwen pa ka konekte nan ParentSquare. Ki premye etap la?](#)
7. [Imèl mwen an kòrèk nan ParentSquare. Pou kisa mwen pa resevwa imèl?](#)
8. [Kijan m ap kapab mete imèl ak/oswa nimewo telefòn mwen ki asosye ak kont mwen an ajou? Konbyen tan l ap pran jiskaske chanjman sa a pran efè?](#)
9. [Kijan pou mwen chanje modpas ParentSquare mwen an?](#)
10. [Angle se pa lang prefere mwen. Kijan m ap kapab resevwa kominikasyon nan lang prefere mwen?](#)
11. [Pou kisa kont ParentSquare mwen an genyen non konjwen mwen ladan li?](#)
12. [Èske mwen oblije itilize ParentSquare nan Smatfòn mwen?](#)
13. [Kijan pou mwen jwenn aplikasyon ParentSquare la?](#)
14. [Èske se tout pwofesè yo ki pral itilize ParentSquare pou kominikasyon lakay-ak-lekòl alavni?](#)
15. [Èske li posib pou kontakte pwofesè pitit mwen an dirèkteman epi anprive?](#)
16. [Lè yo voye kominikasyon yo, ki moun ki pral resevwa mesaj la?](#)
17. [Nou se yon fanmi-separe ki gen restriksyon. Èske ansyen mwen an pral wè enfòmasyon sou kontak mwen?](#)
18. [Gadyen/grann/tonton mwen ta renmen enfòmasyon konsènan fèmti/reta ki anrapò ak move tan, men yo pa kapab kreye yon kont. Èske mwen ka pataje non itilizatè/modpas mwen avèk yo?](#)
19. [Mwen pa yon paran oswa yon gadyen dirèk, men mwen ta renmen resevwa enfòmasyon sou fèmti lekòl yo. Kijan yo ka fè m konnen?](#)
20. [Èske pitit mwen an gen yon kont ParentSquare?](#)
21. [Èske yo pral itilize ParentSquare pou devwa nan salklas yo?](#)
22. [Mwen resevwa twòp mesaj nan ParentSquare. Èske li posib pou resevwa mwens notifikasyon?](#)

K1. Kisa ParentSquare ye?

R. ParentSquare se nouvo platfòm kominikasyon CPS ki pral pèmèt nou inifye tout kominikasyon fanmi ki soti nan distri a, lekòl yo, salklas yo, ak gwoup aktivite lekòl yo anba yon sèl parapli. Klike la a pou w gade yon ti videyo epi aprann plis.

K2. Èske ParentSquare ap ranplase Mesaje ak Rapèl Lekòl (School Messenger and Remind)?

R. Wi, ParentSquare ap ranplase tou de pou aliyman atravè distri a, ki pral ranfòse angajman. Avèk ParentSquare, chak metòd kominikasyon yo pral rete yon sèl kote pou rann li pi fasil pou fanmi nou yo, elèv yo ak anplwaye yo.

K3. Èske mwen oblije kreye yon kont ParentSquare?

R. Nou vrèman rekòmande pou chak paran/gadyen anrejistre paske ou pral gen aksè a tout fonksyon yo tandiske yon itilizatè ki pa anrejistre pral gen aksè limite.

K4. Pou kisa mwen pa t resevwa yon envitasyon pou ParentSquare?

R. Si w pa t resevwa yon envitasyon pou ParentSquare, li posib se paske nou gen enfòmasyon sou kontak ou ki pa kòrèk nan dosye nou. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou verifye oswa korije enfòmasyon sou kontak yo nou genyen nan dosye nou. Tanpri tcheke tou fichye Spam ou a.

K5. Pou kisa lyen envitasyon ParentSquare mwen an pa mache?

R. Lyen envitasyon an dire sèlman 24 èdtan, men ou pa bezwen tann yon nouvo envitasyon! Ou kapab ale nan <https://www.parentsquare.com/signin> epi kreye kont ou ak adrès imèl ki nan dosye lekòl la.

K6. Mwen pa ka konekte nan ParentSquare. Ki premye etap la?

R. Si ou pa kapab enskri nan ParentSquare ak imèl ou oswa nimewo telefòn ou, tanpri kontakte sekretè biwo lekòl la pou asire w enfòmasyon sou kontak ou kòrèk nan Aspen.

K7. Imèl mwen an kòrèk nan ParentSquare. Pou kisa mwen pa resevwa imèl?

R. Tanpri tcheke spam ou a pou wè si yo voye mesaj sou ParentSquare yo ladan l. Si wi, make yo kòm "Pa Spam" ("Not Spam"). Epitou, ajoute donotreply@parentsquare.com nan kontak imèl ou pou sèvi w la rekonèt mesaj nou yo. Si w toujou pa resevwa imèl yo, tanpri kontakte support@parentsquare.com.

K8. Kijan m ap kapab mete imèl ak/oswa nimewo telefòn mwen ki asosye ak kont mwen an ajou? Konbyen tan l ap pran jiskaske chanjman sa a pran efè?

R. Si ou ta renmen mete ajou enfòmasyon sou kontak ou, tanpri klike sou non ou nan kwen dwat anlè a epi ale nan "Kont Mwen." ("My Account"). Apati paj kont ou an, klike sou "Edit Kont" ("Edit Account") epi w ap kapab chanje

enfòmasyon sou kontak ou. Si w resevwa yon mesaj erè lè w ap eseye modifiye nimewo telefòn ou oswa imèl ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou a. Tanpri sonje Li ka pran jiska 24 èdtan pou enfòmasyon sou kontak ou senkronize nan Aspen ak ParentSquare.

K9. Kijan pou mwen chanje modpas ParentSquare mwen an?

R. Tanpri ale nan [parentsquare.com](https://www.parentsquare.com) epi sou paj konekte a klike sou "Bliye Modpas" ("Forgot Password"). Mete imèl ou oswa nimewo telefòn ou epi yo pral voye yon lyen pou re-inisyalize modpas ou.

K10. Angle se pa lang prefere mwen. Kijan m ap kapab resevwa komunikasyon nan lang prefere mwen?

R. Ou ka pèsonalize paramèt lang ou yo lè w ale nan "Kont mwen" ("My Account") epi klike sou "Chanje Sa" ("Change This") anba paramèt lang. Apati la, ou ka chwazi nenpòt lang ou prefere nan meni dewoulan an epi w ap kòmanse resevwa kontni nan lang sa a. Men yon atik èd sou kijan pou chanje paramèt lang ou.

K11. Pou kisa kont ParentSquare mwen an genyen non konjwen mwen ladan li?

R. Li rekòmande pou chak konjwen gen pwòp telefòn selilè yo oswa imèl pou sitiyasyon ijans yo. Men, si oumenm ak konjwen ou pataje yon adrès imèl (oswa yo te bay menm adrès imèl la pou nou toulède nan dosye kontak nou yo,) sèlman yon konjwen pral kapab konekte nan ParentSquare lè l ap itilize adrès imèl sa a. Lòt konjwen an ta dwe itilize nimewo telefòn selilè li pou konekte oswa pou kontakte lekòl pitit ou a pou mete ajou enfòmasyon sou kontak ou.

K12. Èske mwen oblije itilize ParentSquare nan Smatfòn mwen?

R. Non, si w prefere, ou kapab navige nan sitwèb <https://www.parentsquare.com/signin> nan yon òdinatè.

K13. Kijan pou mwen jwenn aplikasyon ParentSquare la?

R. Pou telechaje, chèche ParentSquare nan App Store [klike la a](#) oswa eskane kòd QR ki anba a:



K14. Èske se tout pwofesè yo ki pral itilize ParentSquare pou kominikasyon lakay-ak-lekòl alavni?

R. Wi, nan sezon otòn la, ParentSquare pral prensipal zouti kominikasyon pou distri a.

K15. Èske li posib pou kontakte pwofesè pitit mwen an dirèkteman epi anprive?

R. Wi, ou ka kontakte pwofesè pitit ou a anprive lè w itilize zouti mesaj dirèk la. Nan paj dakèy la, klike sou "Mesaj" ("Messaging") nan ba bò agòch la. Apati la, ou kapab voye yon mesaj dirèk bay pwofesè pitit ou a kote se sèlman oumenm ak pwofesè a kapab wè. Ou kapab voye mesaj tou bay lòt manm pèsònèl lekòl la, tankou antrenè pitit ou a ak lidè klèb yo. Pou aprann plis sou kijan pou voye yon mesaj dirèk, klike isit la.

K16. Lè yo voye kominikasyon yo, ki moun ki pral resevwa mesaj la?

R. ParentSquare pral notifiye kontak sa yo ki nan lis kòm yon paran prensipal, gadyen, oswa yon wòl pèsonalize ki rele: PS Guardian kontak ki apwouve . ParentSquare se yon platfòm tout-nan-youn ki gen enfòmasyon pèsònèl idantifyab pou chak elèv, kidonk, nou sèlman angaje ak kontak sa yo ki deziyen.

K17. Nou se yon fanmi-separe ki gen restriksyon. Èske ansyen mwen an pral wè enfòmasyon sou kontak mwen?

R. Non, chak paran/gadyen kapab kreye kont pa yo. Yo pral sèlman wè enfòmasyon sou elèv ki pataje a .

K18. Gadyen/grann/tonton mwen ta renmen enfòmasyon konsènan fèmty/reta ki anrapò ak move tan, men yo pa kapab kreye yon kont. Èske mwen ka pataje non itilizatè/modpas mwen avèk yo?

R. Non, pataje yon modpas pral pèmèt yo wè enfòmasyon pèsònèl ki idantifye elèv la.

K19. Mwen pa yon paran oswa yon gadyen dirèk, men mwen ta renmen resevwa enfòmasyon sou fèmty lekòl yo. Kijan yo ka fè m konnen?

R. Nou itilize plizyè metòd kominikasyon, tankou sitwèb distri a ak medya sosyal, pou pataje enfòmasyon sou fèmty lekòl yo.

K20. Èske pitit mwen an gen yon kont ParentSquare?

R. Vèsyon elèv la rele StudentSquare epi li disponib pou elèv klas **6yèm-12yèm ane yo**.

K21. Èske yo pral itilize ParentSquare pou devwa nan salklas yo?

R. Non, ParentSquare pa la pou devwa nan salklas. Men, pwofesè yo kapab sèvi ak platfòm la pou raple fanmi yo ak elèv yo sou dat limit yo si yo chwazi.

K22. Mwen resevwa twòp mesaj nan ParentSquare. Èske li posib pou resevwa mwens notifikasyon?

R. Wi, ou ka pèsonalize paramèt notifikasyon ou yo lè w ale nan paj dakèy ou epi klike sou non w nan kwen dwat anlè a epi chwazi "Kont mwen" ("My Account") nan meni woulan an. Sou paj kont ou a, ou ka jwenn paramèt notifikasyon ou yo nan kwen dwat anlè a epi klike sou "Chanje sa" ("Change This") pou pèsonalize notifikasyon ou yo. Si w ap resevwa twòp notifikasyon, eseye chanje nan paramèt "Digest" kote w ap resevwa sèlman yon mesaj kondanse nan aswè a. Men yon atik èd sou kijan pou chanje paramèt notifikasyon ou yo.